**Мархийн дакъош:**

1. Фард марха.
(Рамадан бутт, каффарат, нузар дар.)

2. Суннат марха.
(Кхин дlа мел долу марханаш.)



**Марха кхабаран арканаш:**

1. Ният дар.

*Фард марха кхаба ният дар.*

Ишттачу хьолехь ният са хилале (буьйсана) дан деза. Рамадан баттахь: бутт болабаларца ният дича кхачаме ду. Ниятан меттиг – дог ду, маттаца ният дар бидlат (керла юкъадаьккхина хlума) ду.

*Суннат марха кхаба ният дар.*

Ишттачу хьолехь муьлхачу а хенахь (дийнахь) ният дича мегаш ду, нагахь марха дохош долу хlума ца динехь.

2. Марха дохош мел долчу хlуманах юхавалар.



بسم الله الرحمن الرحيم

# Марха кхабар

***Меттан маьlнехь:***
*сацар, юхаозавалар ду (имсак).*

***Шарилатан маьlнехь:***
*иза Аллахlан lибадат дар ду, и дохош мел долу хlуманах юхаваларца, малх схьакхетча (бакъдолу сатасар) и чубузале ният хиларца (марха кхаба).*

بسم الله الرحمن الرحيم

**Марха кхабаран бехкамаш**:

1. Бусулба хилар.
2. Кхетам чохь хилар.
3. Пхийттара ваьлла хилар. Бера дика а, вон а къасталуш хилча цуьнан верасо иза марха кхабаре кхойкхур ву.
4. Некъахо ца хилар. Некъахочунна марха кхабар тlедиллина дац, амма марха кхабарна хало хуьлуш яцахь, кхабар дикох ду цунна.
5. Могшалло могуьйтуш хилар.
6. Хьайд а, нифас а ца хилар. (Марха кхобучу заманчохь).



**Марха кхобучу заманчохь цамогуш хилар шина декъе декъало:**

1. Дlа ца йолуш йолу цамгар. Цунна юкъа воьду/йоьду марха кхаба могшалла йоцу воккха/ йоккха стаг. Иштта хьал хилча марха кхабар тlехь дац цунна, амма хlора марха кхаба дезаш, ца кхаьбна долу дийнах цхьа стаг вузо веза цо. Я рамадан баттахь долчу денойн дукхаллина нах гула а бина, уьш бузо беза. Я саlан (юучу хlуманах) доьалгlа дакъа дала деза хlора стаган.



2. Дlаера йолу цамгар ю иза, амма марха кхабар халонга доккху цо. Нифас а, хьайд а долу зударий кхуза юкъа богlу, иштта бераш дакхош берш а, некъахо а. Иштттачу стага шен марханаш тlекхаба деза, цамгар дlаяьллачул тlаьхьа. Нагахь цамгар дlаялале стаг дlакхелхинехь, марха кхабар тlера долу цунна.

**Рамадан бутт тlекхачар муха билгал долу?**

Керла бутт гучубаларца, я Шаlбат беттан ткъе итт де дузарца болало Рамадан бутт.

بسم الله الرحمن الرحيم

**Марха дохош долу хlуманаш:**

1. Яахlума яар, малар. Нагахь диццдаларан бахьана йиънехь марха духуш дац.
2. Эвхьаза гlуллакх хилар марха кхобучу хан чохь. Нагахь и марха фард хиллехь, кlелхьаравала цо лай хьалха вита веза, и дан аьтто ца балахь шин баттахь тlетта марханаш кхаба деза. Нагахь иза а ца далахь кхуззаткъа стаг вузо веза.
3. Стега оралла ялар вовшах хьакхбелла хуьлийла, я кхечу бахьанашцна.
4. Юучунна я молучунна метта тухуш болу маха.



5. Цlий даккхар. Нагахь дукха дацахь марха ца духу.
6. Ша lеттор.
7. Хьайд, я нифас доладалар.

**Марха кхобучунна магийна ду:** туйнах кlурда бар, юучунна чам баккхар (кlурд а ца беш), лийча, сивак лелаян, хьожа йогlу хlума лелаян, шелонга вала (охлаждаться).

**Марха кхобуш лелийча меле хуьлуш долу гlуллакхаш:**

1. Сухур (са тасале хlума яар)
2. Хlума яар сатаса герга йолчу хене дlататтар.
3. Марха даста сихо яр (малх чу ма буьззина).



4. Керла евллачу хурманашца марха дастар, уьш яцахь якъийначаьрца. Нагахь уьш яцахь, хина кlурдашца. Марха даста хlумма а яцахь и даста ният дар кхачаме хир ду.
5. Марха достучу хенахь а, кхобучу хенахь а доlа дар.
6. Сагlанаш далар.
7. Буьйсана дечу ламазаш дарца къахьегар.
8. Къуръан дешар.
9. lумрат дар.
10. «Бакъалла а, сан марха ду» алар шега бага леечуьнга.
11. Ляйлятуль-Къодр буьйса ларъяр.
12. Тlаьххьарчу итт дийнахь а, буьйсан а иlтикаф дар.

بسم الله الرحمن الرحيم

**Марха долчунна хьарам ду:**

1. Шат дlаяар (амма марха ца дохадо цо).
2. Барташ дахар, нагахь и бахьанехь марха духур делахь.
3. Харцахьа къамел дар (массо магийна доцу къамел кхуза юкъа доьду).
4. ДжахIлал (Iовдал лелар).
5. Висал (марха даста а ца достуш шина а, кхаа а дийне валар).



## *Суннат марханаш*

1. Шавваль беттана ялх де (Рамадан бутт буьззина кхаьбначунна). Мустахьаб ду шолгlачу дийнахь дуьйна тlетта кхабар.
2. Хьадж дихкина воцучунна Iарафат дийнахь марха кхабар.
3. Iашурат дийнахь (мухьаррам беттана иттолгla де) иссолгlачу а, цхьайттолгlачу а денца цхьаьна.
4. Оршот дийнахь а, еарин дийнахь а марха кхабар.



5. ХIора баттахь кхаа дийнахь марха кхабар. Кхин а дика ду уьш «кIайн деношкахь» кхаьбча, уьзуш: кхойтталгIа, дийтталгIа, пхийтталгIа а деношкахь.
6. Даудин марханаш (цхьан ден марха кхобуш, вукха ден ца кхобуш – ддеда юкъа).
7. Мухьаррам баттахь марха кхабар.
8. Зуль-Хьиджат беттана хьалхара итт дийнахь марха кхабар.
9. ШаIбан баттахь марха кхабар, буьззина бутт а ца кхобуш.

## Марханаш тlекхабар

Марха тlекхобучу хенахь тlетта кхабар дика ду. Цул совнах сихо яр а и марха тlекхаба. Юх шаре дlататтар а магийна дац.

## Мархийн сахь даккхар

Мархийн сахь даккхар тlехь ду бусулба а волуш, шегахь цхьа саl даар-малар долуш, шена тоьачулла сов даьлла (шен цlийн охlлонна а).



## Магийна доцу (хьарам) марханаш

1. Раджаб бутт къастор марха кхабарца.
2. Шеко йолу дийнахь марха кхабар. Амма суннат марханаш кхобучунна иза нисделча кхаба мегар ду.
3. lийдан деношкахь марха кхабар.
4. Атташрик деношкахь марха кхабар (гlурбан тlаьхьара долу кхо де), амма гlурба ца дийнехь мегар ду.
5. Дуьззина шарахь марха кхабар.



بسم الله الرحمن الرحيم

## Караxlат долу марха

Пlераскан дийнахь къаста а дина марха кхаба мегар дац, я шот дийнахь, я кlиранан дийнахь. Амма мегар ду кхаба, нагахь, масална lарафат де оцу дийнахь нисделча.

**ГIовше декъалдан:**
Иштта, вовше декъалдан а мегар ду оцу денца «Аллахlа тхоьгара а, шуьгара а къобал дойла» бохучу дешнашца. Иштта дича мелехь дерг ду - такбираш дахар буьйсан дуьйна дlа Iийда де дале, хlора ламаз динчул тlаьхьа, малх чубуззалца Iийдан дийнахь. Такбираш иштачу кепехь дан деза *«Аллахlу акбар, Аллахlу акбар, ля иляхlа илля-Ллахl, ва-Ллахlу акбар, Аллахlу акбар, ва ли-Лляхlи-ль-хьамд».*



## Iийдан ламаз

Массо бусулбачарна тlехь ду и ламаз дар. Цуьнан хан дlайолало малх анера гучубаьлча гоьмукхан (копье) барамехь, делкъхенахь чекх а йолу. И ламаз ца динчо юхадан ца деза. Нах боцучохь дар суннат ду, амма маьждиг чохь дар а магийна ду. Ламаз далле хурманаш яар а ду дика. Иштта дика ду лийчар а, духlи тохар, уггар тоьлушха долу духар тlедохар. Ламаз дечу метте цхьан некъаца вахар, цигар воглуш кхечу некъаца вар.



بسم الله الرحمن الرحيم

**Мархийн сахь даккхаран хикмат:**
1. Кхачамбацаршах цlанвалар, марха кхобуш дийлитан долу.
2. Сагl дехарах юхабахар къе болу нах Iийдан дийнахь.

**Мархийн сахь доккху хан:**
1. Уггар дика йолу хан: Iийда денна шиъ, я кхо де хьалха.
2. Мегаш йолу хан: Iийдан дийнахь Iуьйра ламаз хан хилча, Iийдан ламаз далле хьалха.
3. Мегаш йоцу хан: Iийдан ламаз динчул тlаьхьа.






**Іийда ламаз даран рогІ**

Ши ракаат ду иза, Іийдан хутба далле хьалха. Хьалхарчу ракаатехь такбироту-ль-ихьром динчул тІаьхьа ялхуз такбир дийр ду. ШолгІачу ракаатехь пхиз такбир дийр ду, такбироту-ль-интикаль динчул т1аьхьа, Къуръан дешале хьалха.